



Pou Piblikasyon Imedya: 24/05/2018

GOUVÈNÈ ANDREW M. CUOMO

GOUVÈNÈ CUOMO ANONSE AKÒ KONTRA SIS ANE AK UNITED UNIVERSITY PROFESSIONS

Gouvènè Andrew M. Cuomo te anonse jodi a administrasyon li an atenn yon akò kontra sis lane ak United University Professions (UUP), pi gwo sendika edikasyon siperyè nan nasyon an ki ap sèvi plis pase 35,000 anplwaye SUNY. Akò kontra enkli yon ogmantasyon 2 pousan nan salè chak ane atravè 2021-2022 ak aksè a nouvo benefis Konje Pou Rezon Familyal ki Peye, epi li etabli yon peman minimòm pou adjwen. Sa a se premye akò sendika travay ak eta a ki enkli benefis pou Konje pou Rezon Familyal ki Peye depi kontra a te vini anvigè 1ye Janvyè 2018.

“Akò kontra yo te reyalize ak UUP a peye ekitabman anplwaye inivèsite SUNY pandan y ap travay pou sipòte etidyan nan edikasyon siperyè atravè eta a”, **Gouvènè Cuomo te deklare.** “Akò sa a se yon pa vèlavan konsiderab pou tout inivèsite piblik nan New York epi li asire pi gwo kalite edikasyon pou nouvo jenerasyon lidè yo. Mwen rekonesan pou kolaborasyon an ki te ede rann akò sa a posib epi mwen enpasyan pou devlopman ak siksè UUP nan ane k ap vini yo.”

“Sa a se yon akò ki jis ak ekitab ki satisfè bezwen inik manm nou yo epi ofri yo ogmantasyon salè ki rezonab, benefis konje pou rezon familyal ki peye, yon nouvo salè minimòm pou manm fakilte a tan pasyèl, ak lòt amelyorasyon ki adrese sousi manm yo”, **Prezidan United University Professions, Doktè Frederick E. Kowal, te deklare.** “Mwen ta renmen remèsye gouvènè a pou volonte li pou li travay ak nou pou atenn yon akò ki rekonèt devouman ak sèvis manm nou yo ofri bay etidyan SUNY, pasyan ak sistèm inivèsite a. Nou te goumen anpil pou benefis sa yo nan antant sa a epi nou kwè manm nou yo pral rekonèt sa.”

“Mwen rekonesan devan reprezantan eta a ak UUP, menm jan ak ekip nan SUNY ki te travay san pran souf pou reyalize akò sa a”, **Rektè SUNY an Kristina M. Johnson te deklare.** “Pwofesyonèl nan domèn akademik ki se manm UUP rete kle nan siksè SUNY, etidyan li yo, ak eta a. Travay yo edike pwochen jenerasyon an, epi li sipòte devlopman ekonomik atravè rechèch, inovasyon, ak patenarya kominote ki kouvri eta a. Mwen kontan pou m wè pwogrè nan domèn kle, sa enkli benefis konje pou rezon familyal epi mwen enpasyan pou kontinye travay kolaborasyon ki nesèsè pou SUNY kontiye atire epi kenbe meyè talan nan edikasyon siperyè ak pi bon anplwaye nan nasyon an.”

Manm UUP dwe kounye a apwouve epi ratifye kontra a; yo pral reyalize yon vòt ratifikasyon pa lapòs pandan ete a.

###

W'ap jwenn lòt nouvèl ki disponib sou sitwèb www.governor.ny.gov
Eta New York | Chanm Ekzekitif | press.office@exec.ny.gov | 518.474.8418